

## **BYEN KONTE, MAL KALIKLE? ENPAK SEKTÈ MIN AN AYITI SOU DWA MOUN AK ANVIWÒNMAN AN**

### **REZIME EKZEKITIF**

*Depi m te ti moun m konn tandè grann mwen y ap pale sou richès ki nan tè peyi Dayiti. Nou konnen nou pa gen zouti pou eksplwate yo. Men etranje yo retounen vin chache yo, epi nou konnen nan istwa pa nou jan prezans etranje te pote pwoblèm.*

- Abitan, Gwodèt nan Nòdwès

*Rezòn ki fè nou fache pa paske gen aktivite min k ap fèt nan zòn nan. Se paske nou pa gen ase enfòmasyon pou n konnen si aktivite min ap bon pou nou. Nou fache paske etranje yo pa t janm prezante tèt yo.*

- Abitan, Lamin, Nòdwès

*Nou rete nan yon peyi ki poko janm entegre nou nan lavi politik nasyon an.*

- Lidè kominotè, Lamontay, Nòdwès

Peyi Dayiti kanpe nan yon kafou : Posibilite eksplwatasyon lò a fè santi prezans sepandan reyalite eleksyon ensèten, touman politik, enstitisyon Leta ki manke fòs, ak vas mizè a ki parèt nan premye plan. Ayiti se sèl peyi nan mond lan ki pran nesans li ak yon revolisyon esklav ki reyisi, men jodi a moun yo plis konnen Ayiti tankou peyi pi pòv nan kontinan ameriken an. Si Ayiti se yon peyi frajil, se yon peyi rezilyen tou. Men, jounen jodi a dwa moun an Ayiti ap pase anba pye epi nou pa jwenn resous debaz fasil. Nan 2013, sèl 65% kay yo te gen aksè bon kalite dlo pou bwè, epi chif la se mwens pase 50% nan kominote riral yo. Epidemi kolera ki eklate nan lane 2010 touye preske 9000 moun jiska prezan. Li demaske jan popilasyon Ayiti a vilnerab devan reyalite pwoblèm aksè ak yon kantite dlo sifizan ak bon kalite mank sistèm sanitasyon, ak manke enfrastrikti sante a. An menm tan an, epidemi kolera a montre ki fòs manifestasyon ak revandikasyon popilè moun yo pote. Ayiti genyen yon istwa mouvman peyizan ki long, kote nenpòt moun ka mobilize pou revandike dwa yo epi depase injistis yo. Se nan kontèks sa, rezilta yon istwa konplèks ki chajè entèvansyon ak envestisman entènasyonal, nou oblije konprann ak analize devlopman endistri min an Ayiti.

Mineral yo kapab eksplwate yon sèl fwa. Moman sa, anvan konpayi konstwi yon minlò, prezante yon opotinite inik pou Ayiti reyalize yon deba piblik sou risk ak benefis yo ekstraksyon min anba tè a pote pou popilasyon an epi pou mete anplas mezi pou evite vyolasyon dwa moun ak dega anviwònman ki ta ka vini nan lavni. Yon deba konsa mande transparans, yon bon pataj enfòmasyon, epi li mande patisipasyon tout kominote Ayisyèn yo. Jiska prezan, majorite diskisyon ki fèt sou devlopman endistri min nan te fèt dèyè pòt ant ofisyèl Leta, anplwaye konpayi yo, ak ajan enstitisyon finansye entènasyonal yo. Genyen yon mank enfòmasyon nan domèn piblik la sou ki sa eksplwatasyon min nan ye, ki obstak ak dega li poze, ki opotinite li ofri, epi ki sa li ka pote pou kominote yo epi pou peyi a an jeneral. Objektif rapò sa a se ankouraje deba epi kontribye nan pataje enfòmasyon itil pou deba sa fèt.

### **SEKTÈ MIN EMEJAN**

Se plizyè faktè ansanm ki fè enterè nan sektè min an Ayiti ogmonite. Pami yo se yon istwa resan pri lò k ap rive pi wo, priyorite gouvènman Ayisyen atire envestisman entènasyonal, ak pwodikтивité min Pueblo Viejo nan peyi vwazen Repiblik Dominikèn nan. Ayiti pa sèlman pataje zile ak Repiblik Dominikèn, men li pataje senti resous mineral tankou min Pueblo Viejo ki pwodui kuiv ak lò. Sentisa kouri sou tout gran Nò toude peyi sa yo. Min Pueblo Viejo se youn nan pi gwo

min. Poko genyen yon konpreyansyon konplè sou resous mineral anba tè an Ayiti, men gen kèk estimasyon ki devine valè lò sèlman an se \$20 milya U.S.<sup>1</sup>

Ayiti poko genyen yon min metal ki konstwi, men gouvènman an ki gentan idantifye sektè min tankou yon sektè priyorite pou ankouraje ekonomi peyi a grandi nan 30 lane k ap vini yo.<sup>2</sup> Ant 2006 ak 2013, de (2) konpayi Kanadyèn ak de (2) konpayi Ameriken envesti yon swadizan \$30 milyon U.S. pou eksplòre lò, kwiv, ajan, ak lòt metal.<sup>3</sup>

Depi komansman lane 2013, aktivite min rete sou yon poz. Nan Fevriye 2013, Sena a te fè sòti yon rezolisyon ki mande pou kanpe sou aktivite min. Li site enkyetid sou pwosesis bay pèmi epi dega potansyèl aktivite min ka poze sou anviwònman.<sup>4</sup> Menmlè, gouvènman Ayiti chache asistans nan men Bank Mondyal ak Fon Monetè Entènasyonal pou reyekri lwa sou min an Ayiti ki demode a, ki sòti epok Duvalier a. Lwa ki pwopoze a te fèt ak patisipasyon ofisyèl konpayi yo men san patisipasyon piblik Ayisyen an. Sepandan kominote yo te ekskli nan pwosesis la, konpayi min yo ap tann Ayiti apwouve yon lwa ki pi byen ankouraje enterè envestisè yo pou rekomanse aktivite yo.

Menmsi Bank Mondyal te idantifye “amelyore kapasite enstitisyonèl” ak “transparans” tankou “mach kritikèl pou debloke eksplorasyon lò ak kwiv an Ayiti epi fè wout pou nouvo sektè sa a ki gen potansyèl pou kreye richès,”<sup>5</sup> jiska prezan pwosesis refòm lan chita sèlman sou revize kad legal la. Pa gen okenn prèv Bank Mondyal ap fè demach pou ogmante kapasite enstitisyon gouvènman yo ni Bank Mondyal gen plan pou fè l,<sup>6</sup> epi genyen yon mank transparans ak yon mank dyalòg piblik sou sektè min nan peyi a.

Nan mwa dawout 2014, yon “task force” (sa vle di yon gwoup travay) ki konpoze ak ofisyèl Leta Ayisyen ak ekspè entènasyonal<sup>7</sup> te prezante yon bouyon lwa bay biwo ansyen Premye Minis Laurent Lamothe. Nan mwa ki te vin apre a, Lamothe demisyone epi Palman kraze. Refòm legal sektè min vin pi konplike, san okenn transparans sepandan peyi a antre yon moman kote prezidan Martelly komanse gouvène pa dekrè epi touswit apre kanpay eleksyon dawout ak oktòb 2015 komanse bouje.

Mensmi pa gen anpil enfòmasyon piblik ki sikile sou aktivite min, enfòmasyon ki la fè mouvman sosyal ak òganizasyon sosyete sivil yo enkyete. Gwoup sa yo enkyete sou mank transparans ki make devlopman sektè min nan epi enpak anviwònman ak sosyal aktivite min konn fè. Kèk abitan nan kominote kote konpayi gentan eksplòre pou lò ak kwiv plenyen sou jan gen moun ki debake sou tè yo, antre nan jaden yo, make tè a, epi prann echantyon san mande pèmasyon epi san bay enfòmasyon adekwa sou rezon aktivite yo ap fè. Manm kominote yo eksprime fristrasyon paske konpayi ak gouvènman yo ap ekskli yo nan desizyon k ap pran ki afekte lavi yo.

Aktivite min lò modèn fè enpak negatif sou anviwònman ak kominote yo nenpòt ki kote li fèt. Eksperyans kominote yo nan tout mond lan soulinye ris aktivite min konn fè resous dlo ak resous tè, epitou estrikti sosyal yo, fason moun konn degaje yo pou viv chak jou, ak aktivite ekonomik yo. An Ayiti, ris sa yo rive pi grav toujou paske peyi a deja ekstrèman vilnerab. Ayiti frape pa dezaz natirèl ak dega anviwònman. Vilnerabilite sa yo se rezilta lokasyon jeyografik peyi a nan Karayib la epi rezilta faktè lezòm, pa egzanp debwazman, absans sistèm ki detèmine kouman moun yo sèvi ak tè ak dlo, epi yon mank responsabilite bò kote aktè konsène yo pou fè respekte regilasyon yo. Anplis, Ayiti se yon peyi pi peple anpil epi youn nan peyi pi inegal nan distribisyon resous yo. Kondisyon sa yo pa sèlman leve nivo ris sosyal ak anviwònman aktivite min poze, men yo ogmante chans pou enpak negatif plis afekte moun nan popilasyon an ki deja plis majinalize epi ki deja sibi plis vyolasyon dwa moun.

Plizyè faktè ki pa sèten pral detèmine avni sektè min nan an Ayiti, pami yo se politik peyi Dayiti ak politik entènasyonal, volonte envestisè yo pou apiye sektè a, epi pri lò ak pri lòt metal yo. Finalman, desizyon sou eske wi oubyen non endistri min nan ap devlope, ki lè l ap devlope ak kouman l ap devlope oblije rete nan men yon popilasyon Ayisyen byen enfòmè.

## OBJEKTIF RAPÒ AK METODOLOJI

Klinik Jists Global, Fakilte Dwa Inivèsite New York ak Fakilte Dwa Inivèsite California Hastings rekonèt Ayiti fas a fas ak yon desizyon enpòtan, epi li prezante rapò sa sou ris ak reyalite min lò modèn yo epi enplikasyon aktivite min genyen pou dwa moun ak anviwònman an Ayiti. Rapò sa a se rezilta yon kolaborasyon ant ekspè dwa anviwònman, avoka dwa moun, ak Kolektif Jistis Min, yon platfòm òganizasyon Ayisyen k ap ankouraje enterè popilasyon riral nan gran Nò peyi a epi k ap ankouraje yon dialog nasyonal sou avni resous mineral Ayisyen yo. Rapò a reponn ak pi bon pratik nan domèn dwa moun entènasyonal lan epi li se yon rezilta plizyè fòm rechèch: rechèch dokiman ak revizyon premye ak dezyèm materyèl sou min lò an Ayiti; entevyou ak manm kominote yo, ak ofisyèl gouvènman peyi a, epi ak reprezantan konpayi min yo ak reprezantan òganizasyon entènasyonal yo k ap opere an Ayiti; ankèt sou tèren; epi diskisyon ak manm kominote yo kote konpayi yo genyen pèmi ki pèmèt yo fè aktivite min lò. Rapò a se rezilta plis pase 100 jou entevyou an total, epi obsèvasyon patisipatif nan plis pase senkant (50) rankont ki fèt nan kominote afekte pou aktivite min an Ayiti. Tout rechèch an Ayiti te fèt nan yon apwòch ki baze sou dwa moun. Objektif apwòch sa se apiye fòs ak kapasite popilasyon ak kominote yo pou chanje lavi pa yo, atravè aksyon pwòp pa yo epi atravè demach nan enstitisyon ki reprezante yo oubyen ki afekte yo. Apwòch sa a plis konsène ak gwò objektif pou reyalize epi respekte dwa moun yo. Li mete aksan sou patisipasyon endividyèl ak kominotè—ki plenyen dwa moun yo—epi li souligne enpòtans responsibilite epi evalye tout rezilta ak pwosesis rechèch la.

Rapò a adrese 4 sijè prensipal: (1) kouman min lò modèn fonksyone, atravè yon analiz mekanik min lò modèn nan mond la epi istwa aktivite ekstraktif an Ayiti; (2) eksperyans ak enkyetid kominote kote konpayi gentan ekplòre pou lò nan dizan k ap pase la, ki gen andan li vyolasyon dwa moun ak enkyetid vyolasyon dwa moun si sektè kontinye devlope; (3) risk anviwònman ak sosyal min lò poze an Ayiti; epi (4) yon analiz kad enstitisyon, kad legal, ak kad regilasyon yoki gouvènè aktivite min an Ayiti.

## PREZANTASYON CHAK CHAPIT

**Chapit II** prezante kontèks istorik ak politik jounen jodi a, kote n ap jwenn anpil enterè nan resous mineral nan peyi a. Apre yon entwodiksyon brèf sou istwa ekstraktif zile Ispanyola, li pale sou aktivite min lò nan 20yèm ak 21yèm syèk yo. Chapit sa mete aksan sou aspè jewografik an Ayiti ki endike prezans mineral yo, ak vilnerabilite enstitisyon yo ki ekspozè kominote Ayisyen yo ak anviwònman Ayiti a ki plis riske pa rapò ak gwo dega si sektè min lò a devlope.

**Chapit III** diskite reyalite moman sa a kote aktivite min ap fèt. Li prezante aktè ki se motè devlopman endistri min nan—gouvènman, enstitisyon finansyè entènasyonal, ak konpayi min—epi li dekri wòl chak aktè ap jwe. Chapit sa a diskite pèmi konfime konpayi VCS Mining, SOMINE S.A, Newmont-Eurasian, ki se antrepriz, ak filial respektif yo, posede. Chapit la diskite aktivite min konpayi sa yo gentan reyalize jiska prezan. Li bay detay sou konfli politik sou pèmi eksplwatasyon yo ki bouje lè Biwo Min ak Eneji bay, inilateralman, konpayi yo nan Desanm 2012 epi rezolisyon Sena Repiblik la te fè sòti nan mwa Fevriye 2013 ki mande yon moratwa sou aktivite min nan peyi a. Anplis, Chapit III prezante kominote afekte akòz aktivite min lò nan gran Nò peyi a, epi òganizasyon sosyete sivil ak mouvman sosyal yo k ap akonpanye yo nan lit pou ankouraje yo defann enterè yo. Chapit sa a prezante entevyou ki fèt ak rezidan kominote Masif du Nò ki montre ni konpayi ni gouvènman pat bay kominote yo enfòmasyon sou kisa aktivite min ekzije epi risk aktivite

min ka koze sou popilasyon an. Chapit sa a idantifye obstak inik devan popilasyon riral nan peyi a epi eksperyans yo gentan fè ak konpayi yo. Li fè deba sou lavni aktivite min an Ayiti ka ateri atravè reyalite jodi a ak eksperyans kominote yo.

**Chapit IV** eksplike chak etap nan kouman min lò modèn mache. Li prezante jewoloji lò a epi kouman konpayi yo eksplote pou li, kouman yo konstwi yon min—sitou metòd syèl louvri ki probableman ta sèl fason yon konpayi ka ekstrè lò an Ayiti si aktivite min nan kontinye—epi teknik komen pou rafine ak trete lò a. Chapit sa tou montre obstak yo nan reglemante sektè min nan epi poze kesyon sou kapasite enstitisyonèl gouvènman Ayiti pou kontwole aktivite min nan peyi a. Biwo Min ak Enejji, ki responsab pou sektè min nan peyi a epi ki chita andan Ministè Travay Piblik, Transpò, ak Kominikasyon, manke resous finansye ak resous moun. Lòt ministè yo, pa egzanp Anviwònman ak Agrikilti, manke byen konnen ak byen konprann risk aktivite min ka pote. Feblès enstitisyon Leta yo montre klè kou klèwoz Ayiti pa byen prepare pou kontwole aktivite min nan enterè popilasyon Ayisyèn an. Nan rapò Oxfam America *Ready for Gold? Assessing Haiti's Governance and Regulatory Capacity for Large-Scale Mining*, li obsève yon reyalite ki sanble sa n ap wè la—kapasite pou kontwole ak regularize aktivite min, ki gen andan li kapasite Leta pou byen jere taks aktivite min ta ka pote—mete an danje posibilite pou aktivite min ta benefisye popilasyon Ayisyèn nan.

**Chapit V** analize risk aktivite min lò poze sou anviwònman an. Li prezante eksperyans kominote yo epi enkyetid kominote yo sou enpak aktivite min fè jiska prezan. Pou konstwi ak opere yon min lò modèn, nou oblije fondamantalman transfòme jan yon kominote sèvi ak dlo, tè, agrikilti, ak fason l konstwi kay pa yo rete, elatriye. Anplis, aktivite min gen enpak ki depase limit min aktyèl la. Pa egzanp, aktivite min polye lè nou respire ak dlo a nou itilize, epi li ka fè enpak sou nap freyatik la ak dlo ki anwo sifas tè a. Chapit sa diskite kouman enpak sa yo ta ka afekte Masif du Nò, kote nou jwenn majorite resous lò an Ayiti. Lè yon konpayi fè wòch byen fòn nan tè a rive jwenn lè nou respire, silfid ak lòt eleman toksik koule. Wòch ekspoze sa yo fè yon bagay ki rele “drenaj wòch asid” oubyen “drenaj asid min,” epi yo kontamine nap freyatik la sa yo rele nap dlo epi yo ka kontamine tout dlo sifas nan zòn nan k ap koule.. Nan peyi Repiblik Dominikèn, kominote yo sible ak pwoblèm kontaminasyon asid nan dlo a – pwoblèm sa komanse anvan plizyè dekad, ak min Pueblo Viejo. Se yon min lò ki gen kòm mè, konpayi Kanadyen Barrick Gold. Konpayi ki gentan eksplote pou lò an Ayiti n ap note kalite wòch nan Masif du Nò endike gen gwo posibilite drenaj wòch asid an Ayiti, tou.

Chapit sa a eksplote kòz istorik yo ki fè anviwònman Ayiti vilnerab. Si aktivite min pa byen jere, l ap lakòz debwazman, sechrès, inegalite sosyal ak ekonomik, lamizè popilasyon nan Nò peyi a ap rive pi grav. Aktivite min ka fè plis ewozyon ak sedimentasyon nan rivyè yo, yon diminyasyon kantite dlo disponib nan basen ak nan rivyè yo, defisyans nan rezèv dlo yo, ak dega lapès nan rivyè ak nan lanmè. Ayiti se yon peyi nan mond lan ki plis peple pa rapò ak dimansyon jewografik li, epi li deja anfas yon risk tèlman elve pou dezaz natirèl ak lòt risk dega anviwònman—menmsi aktivite min poko koumanse. Sof si gouvènman mete mezi pwoteksyon yo anplas, epi yo asire aktè yo respekte mezi sa yo, pou pwoteje popilasyon an ak anviwònman fas ak risk inevitab, anpil moun nan peyi a pral konfronte.

**Chapit VI** diskite kad ekonomik aktivite min lò an Ayiti. Pa definisyon, eksplwate min se yon aktivite ki pa dirab. Minrè konpayi yo ekstrè a pap pouse ankò. Yon min fèt pou fini – aktivite min pa yon sik kontinyèl. Chapit sa a bay prekosyon nou dwe pran sou benefis ekonomik eksplwatasyon min lò ta bay Ayiti, epi li ankouraje nou kenbe nan tèt nou pri global lò a k ap monte desann, to wayote pwobab Ayiti ka aplike, peripesi nan lwa taks entènasyonal la, ak depans nesesè pou mitige enpak nan yon ti tan ak enpak pou lontan aktivite min ka fè, ki gen landan remeamenajman sit la apre min nan fèmen. Konstitisyon 1987 peyi Dayiti mande Leta (ki se mè lò ki se yon byen piblik), konpayi min yo (ki posede pèmi yo) ak mè tè yo (ki anlè kote mineral yo ye) pataje pwofi yo nan yon fason ekitab. Pou reyalize manda sa a, fòk kondisyon fiskal lwa min nan

amelyore epi gouvènman Ayisyen an dwe asire li konsève ak envesti pwofi li jwenn atravè wayote a ak taks nan enterè popilasyon Ayisyen nan.<sup>8</sup>

Tout bon, revni modès yo Ayiti ta resevwa si aktivite min fèt—dapre to wayote yo pwopoze ak rejim taks la—fè nou doute si benefis potansyèl yo jistifye risk pwobab aktivite min ka poze sou sante piblik la, anviwònman an, kominote lokal yo, ak dwa moun yo. Atravè kesyon nou poze sou ensètitud fiskal, viabilité finansye, ak pataj jis revni aktivite min ka pote, chapit sa a gen objektif ede gouvènman an ak piblik la pi byen konprann ak fè deba sou kompleksite aktivite min lò anvan yo prann desizyon adopte yon nouvo lwa epi pèmèt konpayi konstwi yon min lò.

**Chapit VII** evalye kad legal aktivite min nan peyi a. Li egzamine baz konstitisyonèl ak kondisyon ki konsène regleman endistri min nan, epi li diskite karakteristik demode ak feblès lwa aktyèl la—Dekrè Min 1976 lan—ki mande refòm. Analiz la montre jan Dekrè 1976 lan te twò konplike epi li pat ofri ase pwoteksyon pou anviwònman ak popilasyon afekte pou aktivite min. Men, mank transparans ki make nan nouvo lwa pwopoze a—ki te fèt nan kolaborasyon ak konpayi min privè men san patisipasyon sosyete sivil la – pote enkyetid serye sou nan ki enterè lwa min pwopoze a fèt. Sètènman, lè òganizasyon sosyete sivil ak manm kominote yo prezante enkyetid sa yo bay mekanis doleyans Bank Mondyal lan, li fè konklizyon enkyetid sa yo se “grav ak lejitim.”<sup>9</sup>

Chapit VII kontinye epi li angaje ak detay nan bouyon pwopozisyon lwa mwa Out 2014 epi li bay yon analiz ki kritike tèm pi enpòtan yo.<sup>10</sup> Bouyon lwa a amelyore kèk feblès nan lwa aktyèl la—li reyoryante rejim konvansyon yo, kote gouvènman an negosye tèm fiskal ak lòt tèm enpòtan ak chak konpayi, pou se yon rejim pèmi kote tèm esansyèl yo stab nan lwa a, epi yo etabli yon baz regilasyon inifòm ki pa pèmèt konpayi yo deroje de li. Alafwa, bouyon lwa pwopoze a genyen yon pakèt feblès, espesyalman nan domèn transparans, sipèvizyon anviwònmantal ak sosyal, pwosesis fèmen min nan, regleman sou itilizasyon tè a, remeamenajman pou domaj tè a, ak rezolisyon konfli yo. Yon atik nan lwa pwopoze a ekzije tout enfòmasyon konpayi yo rete konfidansyèl pou dizan (10 lane), ki ka fèmen tout posibilite pou popilasyon an byen veye aktivite yo ak patisipe nan deba sou aktivite min yo.<sup>11</sup>

Sètènman, moun ka entèprete atik sa pou egzije tout dokiman nan enterè piblik la ki esensyèl pou prann desizyon ki byen enfòm, pa egzanp etid enpak anviwònmantal ak enpak sosyal sou pwojè min nan ak mezi pwopoze pou evite oubyen diminye dega yo, rete konfidansyèl. Nan menm sans, gen yon mank transparans fiskal. Bouyon lwa a pa fè l obligatwa pou konpayi min yo divilge revni li genyen ni kantite lajan li bay Leta Ayisyen an.<sup>12</sup> Anplis, mekanis bouyon lwa ki pwopoze pou konpanse mèt tè yo ak mekanis pou rezoud konfli yo pa rekonèt rapò de pouvwa ni inegalite aksè enfòmasyon ant konpayi min ak mèt tè oubyen moun k ap travay sou tè a. Kèk atik nan bouyon lwa fasilite Leta pou ekspropriye moun ki sou tè yo pou sèvi ave l nan kad aktivite min epi yo ta limite solisyon si konfli ta pete. Lwa a kanalize konfli yo pou evite tribinal yo epi fè li obligatwa ale nan abitraj an. Yon lòt atik ta pèmèt aktivite min komanse dapre yon deklarasyon “pa gen objeksyon” ki sòti nan Ministè Anviwònman. Pi grav toujou, lwa di se pou asime yon deklarasyon “pa gen objeksyon” si Ministè Anviwònman rete nan silans apre yon kantite mwa defini. Sa vle di bouyon lwa pa egzije yon deklarasyon klè Ministè Anviwònman ki di li dakò pou aktivite a fèt anvan konpayi yo komanse. Epi tou, bouyon lwa gen anpil atik ki manke detay sifizan pou gide yon analiz serye sou enpak anviwònmantal ak sosyal yo. Bouyon lwa retade estanda kritik ak regleman enpòtan pou reglemante yon otorite minyè pral adopte nan tan k ap vini yo men ki poko egziste.

**Chapit VIII** adrese enplikasyon dwa moun nan ekplswatasyon min lò. Li adrese dwa endividi ak kominote yo ki ka afekte nan eksplorasyon ak esktraksyon min nan epitou li adrese devwa lwa nasyonal ak dwa entènasyonal aktè responsab pou aktivite min genyen, pa egzanp devwa gouvènman Ayiti, konpayi yo, ak òganizasyon entènasyonal yo k ap apiye devlopman sektè min. Rapò a koumanse ak obsèvasyon aktivite min an Ayiti ki t ap fèt nan yon kontèks deja karektarize ak

abi dwa moun toupatou, sitou deprivasyon dwa ekonomik ak dwa sosyal yo epi yon refi dwa enfòmasyon. Reyalite kondisyon debaz ak jan kominote yo deja ekspoze ak risk dezans natirèl, sechrès, ak maladi yo, Ayisyen yo trè vilnerab pou sible vyolasyon dwa nan tan k ap vini yo si aktivite min kontinye, sitou vyolasyon sou dwa dlo, sante, libète viv san ekspilyon fòse ak dwa patisipasyon sivik.

Dwa moun entènasyonal pwoteje anpil dwa ki sèl kapab rive satisfè si genyen yon anivwònman an sante epi kominote an sekirite. Kategori dwa sa yo gen andan l dwa dlo, dwa sante, ak dwa ki gen rapò ak tè pa egzant dwa libète viv san ekspilyon fòse. Si endistri min nan devlope, l ap kreye posibilite pou vyolasyon dwa dlo paske li ka afekte kantite dlo a (li ka fè gen mwens dlo ki aksesib) ak kalite dlo a nan rivyè ak lòt sous yo ki toupre l ak anndan l.<sup>13</sup> Aktivite min tou ka menase sante piblik la epi li ka diminye pwodiksyon agrikòl si li kontamine lè nou respire, tè kote n ap plante, ak dlo ki nan zòn min nan. Difikilite popilasyon riral an Ayiti yo deja fè fas – mank aksè swen sante epi mank enfrastrikti sistèm sante – fè risk pou aktivite min ta ka kreye plis vyolasyon dwa moun yo rive pi posib toujou.

Lwa peyi Dayiti ak lwa entènasyonal garanti dwa tout Ayisyen genyen pou patisipe egalman—sa vle di patisipe nan menm sans kit ou se fi kit ou se gason, kit ou jen oubyen gran moun, andikape, rich oubyen pòv – nan desizyon sou aktivite min. Yon veritab patisipasyon egzije popilasyon an genyen enfòmasyon ki konplè, ki egzant, epi ki pa kache opinyon deyè li. Li enpòtan moun ki rete nan kominote kote eksplorasyon gentan fèt epi kote ki gen chans aktivite min pral kontinye, jwenn enfòmasyon sa yo. Fòk popilasyon an jwenn enfòmasyon sa a anvan aktivite min rekomanse. Fòk li an Kreyòl epi fòk li ekri ak aksesib nan fason oral pou fasilite tout moun nan kominote yo jwenn li pou konsidere l nan deliberasyon ak desizyon y ap pran.

Gouvènman Ayisyen an genyen devwa prensipal respekte, pwoteje, ak reyalize dwa moun popilasyon an genyen pou dlo, sante, manje, enfòmasyon ak patisipasyon, pami plizyè dwa. Men, pa sèlman gouvènman peyi Dayiti ki responsab. Kominote entènasyonal la gen yon wòl enpòtan nan demach pou asire dwa moun Ayisyen yo respekte epi li gen responsabite tou pou bati kapasite Leta pou reyalize respè dwa popilasyon Ayisyen nan. Menmsi toujou gen yon deba sou kalite obligasyon aktè ki pa Leta respekte dwa moun yo, pa egzant konpayi prive ak òganizasyon entènasyonal tankou Bank Mondyal la, genyen yon konsansis emèjan tout aktè sa yo genyen yon minimòm obligasyon pou respekte dwa moun tout kote epi tout lè y ap opere. Lè yon gouvènman manke resous epi/oubyen manke volonte pou respkete dwa popilasyon l fòk lòt aktè ki opere nan peyi a note genyen yon risk pou aksyon pa yo ta ka kontribye nan ogmantasyon oubyen ankouraje vyolasyon dwa moun ki ka pase san remèd.

Endistri min lò a mache ak anpil risk. Possibilite byen jere li depann sou kapasite ak volonte gouvènman Ayisyen an pou reglemantè ak kontwole aksyon konpayi pwisan yo. Se toujou pi enpòtan gen yon gouvènman aktif nan zòn andeyò kote popilasyon yo gen lontan ap viv deyò reyalite politik ak sosyal peyi a epi sible ak mizè ekstrèm. Popilasyon Ayisyen nan genyen yon seri lwa aktè yo dwe pwoteje. San gouvènans enklisif ak patisipatif, bonte aparant resous mineral yo ka transfòme an yon veritab madichon.

## REKOMANDASYON

Fòk prensip dwa moun yo gide tout desizyon ak aksyon aktè y ap prann nan sektè min nan. Vèsman yo ak obligasyon dwa moun yo etabli konstitye règ ak kad nòmatif ki dwe gouvènè konpòtman tout aktè ki enplike nan sektè min nan. Pou asire dwa moun popilasyon Ayisyen an respekte, pwoteje, ak reyalize, epi nan lespri rezolisyon Sena te fè sòti nan mwa fevrye 2013, **gouvènman Ayisyen ta dwe aplike yon moratwa sou tout aktivite min nan peyi a.** Sa vle di nou mande pa sèlman gen yon *lakun defakto* nan operasyon konpayi yo, men se yon angajman *de jure*

pou sispann tout eksplorasyon ak eksplwatasyon min an Ayiti jiskaske, pou pi piti, kondisyon nou dekri anba yo reyalize:

## **Dwa Patisipasyon: Fòk Popilasyon Ayisyèn Se yon Aktè Prensipal nan PranTout Desizyon sou Lavni Resous Natirèl Ayisyen yo**

Lè nou konsidere gravite desizyon pou devlope sektè min nan, desizyon pou pèmèt aktivite min fèt oblije se yon rezilta yon deba piblik, epi yon desizyon ki fèt apre kominote afekte yo bay yon konsantman byen enfòmè. Si peyi Dayiti adopte nouvo lwa min nan, fòk Palman apwouve li apre yon deba ki ouvè ak byen enfòmè – lwa min nan pa ka fèt pa dekrè. Apre Palman an retabli, fòk gouvènman an fasilite yon konsiltasyon fran pou diskite kontni lwa epi kouman li ta afekte kominote Ayisyèn yo ak anviwònman si lwa rive fèt. Gouvènman an ak lòt aktè yo oblije pran yon demach pou asire kominote afekte yo kapab patisipe nan desizyon sou devlopman sektè min nan ak pwojè potansyèl min yo. Sa vle di kominote riral yo, menmsi yo rete nan zòn ki lwen kapital la epi menmsi aksè yo ka difisil, oblije patisipe nan pwosesis konsiltasyon nan sa ki konsène refòm lwa min nan, epi fòk kominote yo patisipe nan baz egalite – sa vle di tout moun nan kominote yo gen dwa patisipe. Pwosesis konsiltasyon yo dwe aksesib – nan sans jewografik epi nan sans ekonomik (li pa ka koute twòp pou rive patisipe) – pou kominote riral yo, sitou kominote nan Masif du Nò ki ta plis afekte nan risk aktivite min ka pote.

## **Dwa Enfòmasyon: Garanti transparans nan tout aktivite min yo**

Pou fasilite patisipasyon serye kominote yo nan pran desizyon ki afekte lavi yo, epi pou asire sitwayen yo veye endistri min nan, piblik la dwe gen bon aksè enfòmasyon sou reyalite ak risk aktivite min lò. Anplis, piblik la dwe jwenn enfòmasyon sou chanjman yo pwopoze nan rejim regilasyon an. Fòk gouvènman bay piblik la bouyon lwa min nan an Kreyòl epi distribye l bay otorite gouvènman lokal yo, òganizasyon sosyete sivil yo, medya a, ak popilasyon Ayisyèn nan.

Fòk gouvènman Ayisyen ak aktè prive k ap opere nan sektè min nan piblikman divilge enfòmasyon ki konsène aktivite min, ki gen andan l—tankou minimòm—enfòmasyon sou enpak anviwònman ak sosyal yo, mezi yo pran pou kontwòle oubyen evite enpak negatif yo, aplikasyon akò devlopman kominote yo, ak pèmèt distribisyon benefis min nan. Fòk lwa ak regilasyon ki konsène sektè min an Ayiti pa sèlman egziye, men fasilite divilgasyon sa yo. Nan lespri sa a, fòk yo retire Atik 115 nan lwa yo pwopoze a, ki se yon kloz konfidansyalite ki twò laj.

Fòk konpayi ki genyen pèmi pou eksplòre ak eksplwate resous mineral yo divilge imedyatman tout etid enpak anviwònman ak sosyal yo, ki gen andan enfòmasyon liy de baz, pou pèmèt kominote yo itilize done sa yo pou antisipe ak swiv enpak ki fèt epi kreye mezi alèjman ki efikas. Konpayi yo ta dwe pwomèt piblikman pou kontinye divilge enfòmasyon ak done sa yo sepandan lavi tout operasyon yo nan peyi a. Fòk divilgasyon sa se premye kondisyon pou yon konpayi kontinye aktivite min nan.

Apre Palman retabli, gouvènman Ayisyen an dwe piblye yon lwa sou aksè ak enfòmasyon epi règleman aplikasyon yo ki akonpaye li. Fòk lwa ak règleman yo asire sitwayen yo gen dwa aksè enfòmasyon sou sektè min ak lòt enfòmasyon ki nan enterè piblik la. Kad legal sa dwe etabli yon pwosesis administratif pou resevwa ak trete demann enfòmasyon nan yon delè rezonab. Lejislasyon sa, ki mete an aplikasyon dwe montre devwa peyi a genyen pou reyalize dwa aksè enfòmasyon popilasyon an genyen, li dwe asire pwosesis pou fè deman enfòmasyon abòdab pou tout moun, epi moun ka gen aksè enfòmasyon ki nan enterè piblik la nan yon fòm aksesib, an Kreyòl, ekri epi oral—pa egzanp nan radyo—epi sou sit wèb.

## **Dwa Anviwònman an, Sante, Dlo, Manje, ak Libète viv san Ekspilsyon Fòse: Asire Genyen yon Kad Regilasyon ki Gen Bon Fòs Anvan Aktivite Min Komansman epi Aplike Mezi Alèyman ki gen Fòs Devan gwo Vilnerabilite ki Anfas Ayiti**

Si gouvènman Ayisyen otorize aktivite min kontinye, li dwe mezire risk sosyal ak dega anviwònmanal yo. Aktivite min lò—eksplorasyon, eksplwatasyon, ak pwosesis pou rafine l la—mande yon sipèvizyon ak yon règlemantasyon ki sere. Anplis, li mande konpayi yo bay rapò regilye epi sitwayen yo angaje pou kontwole aktivite nan sektè a epi kouman li afekte kominote yo ak anviwònman an. Fòk gouvènman tou asire konpayi min yo responsab finansyèman pou fèmen min yo san danje epi kontwole dega yo epi pwoteje anviwònman an.

Konstitisyon Ayisyèn 1987 la enpoze yon devwa afimatif sou Leta pou pwoteje anviwònman an. Pou satisfè obligasyon konstitisyonèl sa a, ak responsablite li yo dapre lwa dwa moun entènasyonal, apre Palman an retabli, gouvènman an dwe adopte yon kad legal ki pral asire aktivite min pa anpwazonnen ni degrade anviwònman an; konpayi yo pral konpanse kominote afekte yo ak endividi yo pou dega yo pa ka evite epi pou dezòd yo fè sou lavi moun yo, sitou ki afekte fason yo konn degaje yo pou bati lavi yo; epi Leta a ak piblik la oblije resevwa yon kantite lajan aktivite min jenere ki jis. Pou reyalize tout sa a, dènye bouyon lwa yo pwopoze a dwe pi efikas anvan yo adopte li. Detay sou estanda anviwònman yo dwe antre nan lwa pou evite nou tann regilasyon yo vini jis apre. Fòk Minis Anviwònman an jwe yon pi gwò wòl nan revizyon ak apwobasyon pèmi min yo. Kondisyon konsènan pwosesis pou idantifye ak pwoteje sous dlo delika yo, kouvèti forè yo (ki byen ra), ak tè peyizan yo epi lòt resous kominote yo dwe pran ak plis konsiderasyon. Anplis, nou dwe revize kondisyon fiskal ki gouvènman an aktivite min yo pou asire yo pèmèt popilasyon Ayisyen resevwa yon pousantaj jis nan benefis eksplwatasyon min yo bay. Pwoblèm sa yo ak lòt feblès nan lwa yo pwopoze a nou dekri nan rapò ak plis pwofondè dwe rektifye nan nenpòt nouvo kad legal sou aktivite min nan peyi dAyiti.

Etandone kondisyon frajil nan lavi majorite Ayisyen yo, sitou popilasyon zòn riral yo kote konpayi yo genyen pèmi pa yo, gouvènman Ayisyen dwe asire aktivite min pa kontribye pou genyen pi plis vyolasyon dwa ekonomik, sosyal, ka kiltirèl. Anplis, si aktivite min kontinye epi li jenere pwofi, fòk lajan sa sèvi pou Leta Ayisyen reyalize kontni nwayo dwa sa yo.

### **Dwa aksè yon Remèd Efikas: Asire Prezans Mekanis Dolemans ak Reparasyon ki Aksès pou Kominote yo ak Endividi yo**

Dwa moun entènasyonal garanti dwa aksè endividyèl kòm yon remèd efikas pou vyolasyon dwa moun yo. Si akizasyon dega oubyen nenpòt ki mal ki se yon rezilta aktivite min rive, tout aktè—gouvènman an, konpayi min yo, ak enstitisyon entènasyonal yo—pote responsablite pou reponn.

Bonjan relasyon avèk Konstitisyon Ayisyen an ak obligasyon entènasyonal yo,<sup>14</sup> gouvènman an dwe asire tout moun ka jwi dwa aksè ak yon tribinal endepandan epi konpetan pou aplike ak pwoteje dwa yo. Dispozisyon nan lwa ki bay posibilite pou fè yon rekou jidisyè, pa egzanp kondisyon ki mande arbitraj nan evènman yon konfli tè, ta dwe revize pou asire yo gen bon relasyon ak konstitisyon peyi a ak prensip dwa moun entènasyonal yo.

Mekanis plent nan nivo kominote yo ta dwe etabli, kote yo pa deja egziste, avèk patisipasyon aktif tout moun nan kominote sa yo. Mekanis sa yo dwe fonskyone pou multipliyè, pa limite, opsyon ki disponib pou manm kominote yo chache rezolisyon nan konfli ki gen rapò ak aktivite min. Pa gen okenn sikonstans kote mekanis plent oubyen mekanis dolemans yo antrave aksè ak pwosesis jidisyè ak administratif ki disponib an Ayiti.



Tout aktè ki enplike nan sektè min ta dwe patisipe nan amelyore fonksyonman sistèm jidisyè ak eta de dwa nan peyi a. Gouvènman an dwe fè efò pou asire nan tout nivo nan sistèm jidisyè a gen konpetans, endepandan, fonksyone san patipri epi gen kapasite reponn ak bay repons ak vyolasyon ki fèt nan jiridiksyon yo. Enstitisyon finansye entènasyonal yo ak lòt manm kominote entènasyonal ki aktif an Ayiti dwe apiye tout efò pou ranfòse sistèm jidisyè isAyisyen an.

## **Responsablite Pou Evite Dega: Bati Kapasite gouvènman Ayisyen an pou Veye ak Kontwole Setkè Min nan, Satisfè Obligasyon Dwa Moun epi Asire Lòt Aktè yo Respekte Prensip yo ak Pran Responsabilite pa yo**

Yon lwa byen fabrike sèlman efikas si gouvènman aplike li epi mande tout aktè respekte li. Boutofen, li rete enposib pou evite oswa diminye vyolasyon dwa moun ki akonpanye aktivite min nan si pa genyen enstitisyon Leta ki byen reyalize objektif pou respekte epi pwoteje enterè popilasyon Ayisyèn nan. Fòs ak siksè rejim legal ki gouvènne aktivite min an Ayiti pa depann sèlman yon tèks sou kad jiridik ak règleman ki mache ave l, men finalman sou kapasite teknik, enstitisyonèl, ak finansye Leta pou aplike epi fè lwa sa yo respekte. Mank kapasite gouvènman Ayisyen an vle di operasyon min yo ta ka kòmanse dapre yon nouvo lwa anvan gouvènman gen kapasite ekri, aplike, epi mande respekte règleman enpòtan yo. Bon jan sipèvizyon gouvènman an ak responsabilite piblik la se esansyèl pou byen jere risk siyifikatif jounen jodia ak avni aktivite min lò poze an Ayiti. San yon kad jiridik ki byen fò ak solid, epi san kapasite resous moun ak resous materyèl nan ajans gouvènman ki gen devwa kontwole aktivite a, pa gen okenn fason pou asire aktivite min ap rive pèmèt popilasyon ak anviwònman an benefisye epi pa koze dega sou yo.

Yon evalyasyon konplè kapasite enstitisyonèl ak teknik gouvènman ayisyen an nan kontwole endistri minyè a ijan ak nesèsè. Avèk sipò nan men enstitisyon finansye entènasyonal yo ak kooperasyon aktè prive nan endistri min nan, gouvènman Ayisyen an ta dwe idantifye feblès li ak resous li epi kreye yon plan pou adrese ak ranfòse twou sa yo.

Fòk gen yon otorite oubyen yon ajans min endepandan ki etabli. Fòk otorite/ajans sa a genyen devwa ak kapasite kontwole aktivite min an Ayiti. Ajans sa a oblije genyen resous nesèsè epi fòk li veye ak pwoteje endepandans li. Nan kad sa, li dwe kenbe distans li nan relasyon l ak aktè privè nan sektè min nan. Lòt ajans ak enstitisyon anndan gouvènman Ayisyen ki responsab pou pwoteje resous natirèl ak byennèt peyi a, pa egzanp Ministè Anviwònman ak otorite ki travay sou dlo, DINEPA, dwe resevwa fòmasyon sou kouman aktivite min ka afekte dlo ak devwa yo genyen devan popilasyon an. Fòk ajans/enstitisyon sa yo nan gouvènman an byen patisipe nan veye epi sipèvize aktivite min anndan peyi a.

---

Nòt: *Piblikasyon Klinik Jistis Global pa reprezante pespektif ni opinyon Inivèsite New York.*

<sup>1</sup>*Gade, pa egzanp, Martha Mendoza, Gold! Haiti eyes potential \$20 billion Bonanza, ASSOCIATED PRESS, (12 Septanm, 2012), disponib sou sit wèb, www.nbcnews.com/id/47398045/ns/world\_news-americas/t/gold-haiti-eyes-potential-billion-bonanza/#.Uwc540JdVRQ; Shihoko Goto, Haiti's Gold Mining Potential, Gold Investing News, (30 Novanm, 2011), disponib sou sit wèb, www.goldinvestingnews.com/20222/haitis-gold-mining-potential.html; and Keith Slack, Mining Development in Haiti: A Golden Dream or a Nightmare? (18 Jen, 2013), OXFAM AMERICA, disponib sou sit wèb, www.politicsofpoverty.oxfamamerica.org/2013/06/mining-development-in-haiti-a-golden-dream-or-nightmare/.*

<sup>2</sup>*Gade jeneralman, Conseil de Développement Economique et Social, disponib sou sit wèb, www.cdes.ht/fr/actualites.html (ki idantifye sektè min tankou youn nan aktivite ekonomik pi enpòtan pou peyi a); gade tou World Bank, Haiti: Mining for Economic Growth (25 Jiyè, 2013), disponib sou sit wèb, www.worldbank.org/en/news/feature/2013/07/25/haiti-mining-for-economic-growth (kote ansyen Premye Minis Lamothe di sektè min se klè pou fè Ayiti se yon peyi "emejan" ane 2020).*

<sup>3</sup>*Gade, pa egzanp, Tate Watkins, Curses of Aid and Gold in Haiti, Medium (Jen, 2013), disponib sou sit wèb, www.medium.com/medium-for-haiti/7a99bd074fc4.*

<sup>4</sup>Haiti—*Économie : Le Sénat vote la suspension des Permis Miniers en Haïti*, HAÏTI PROGRES (21 Fevriye, 2013), *disponib sou sit wèb*, [www.haitilibre.com/article-7929-haiti-economie-le-senat-vote-la-suspension-des-permis-miniers-en-haiti.html](http://www.haitilibre.com/article-7929-haiti-economie-le-senat-vote-la-suspension-des-permis-miniers-en-haiti.html).  
Note moratwa pa gen fòs lalwa.

<sup>5</sup>Haiti: *Mining for Economic Growth*, Bank Mondyal (25 Jiyè 2013), *disponib sou sit wèb*, [www.worldbank.org/en/news/feature/2013/07/25/haiti-mining-for-economic-growth](http://www.worldbank.org/en/news/feature/2013/07/25/haiti-mining-for-economic-growth); *gade tou* deskripsyon apiy teknik Bank Mondyal ap bay Sektè Min nan, Novanm 2014 (otè yo posede li epi ta ka pataje li).

<sup>6</sup> Konvèsasyon ak anplwaye Bank Mondyal, Washington, D.C. (20 Mas, 2015).

<sup>7</sup> Enfòmasyon nou genyen montre Gwoup Travay la te genyen anadn li reprezantan Biwo Min ak Eneji, Minis Ekonomi ak Finans, epi Minis Anviwònman, anplis yon konsiltan entènasyonal Bank Mondyal lan. *Gade* Eksplanatory Memo, (an Franse), paj 6, *disponib sou sit wèb*, [www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2015/01/Explanatory-Memorandum.pdf](http://www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2015/01/Explanatory-Memorandum.pdf).

<sup>8</sup>KONSTITISYON REPIBLIK AYITI, Atik 36-6(1987).

<sup>9</sup>Avi pa rejistre, kote Panèl Enspeksyon Bank Mondyal lan rekonèt gravite enkyetid kominote yo menmsi li refize rejistre Demann pou Enspeksyon. Desizyon an fèt sou baz rezon teknik. Li disponib sou sit wèb an Franse. *Gade* Panèl Enspeksyon Bank Mondyal, *Notice of Non-Registration and Observations Regarding the Policy Framework Applicable to Technical Assistance (Franse)*, WORLD BANK INSPECTION PANEL REP. 94198, ¶ 22 (19 Fevriye 2015), *disponib sou sit wèb*, [www.ewebapps.worldbank.org/apps/ip/PanelCases/100-Notice%20of%20Non-Registration%20\(French\).pdf](http://www.ewebapps.worldbank.org/apps/ip/PanelCases/100-Notice%20of%20Non-Registration%20(French).pdf).  
Katrevendis-de òganizasyon sinyen yon lèt voye ba Bank Mondyal la pou mande li prann responsabilite li, *disponib sou sit wèb*, [www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2012/05/Haiti-Sign-On-Letter-Non-Registration-final.pdf](http://www.accountabilitycounsel.org/wp-content/uploads/2012/05/Haiti-Sign-On-Letter-Non-Registration-final.pdf)

<sup>10</sup> Nan dat piblikasyon rezime a, vèzyon lwa pi resan se lwa ki sòti nan Out 2014. Plizyè sous enfòmasyon kònfime pa genyen yon vezyon pi resan.

<sup>11</sup>*Gade* ELAW, Review of Haiti's Draft Mineral Law 7-9 (Out 2014) (nan achiv otè yo). Li ta defye estanda entènasyonal byen etabli yo. *Gade, pa egzanp*, EXTRACTIVE INDUSTRIES TRANSPARENCY INITIATIVE, THE EITI STANDARD (11 Jiyè, 2013), *disponib sou sit wèb*, [www.eiti.org/files/English\\_EITI%20STANDARD\\_11July\\_0.pdf](http://www.eiti.org/files/English_EITI%20STANDARD_11July_0.pdf); UNITED NATIONS GLOBAL COMPACT, IMPACT: TRANSFORMING BUSINESS, CHANGING THE WORLD § 6 (26 Jen, 2015), *disponib sou sit wèb*, [www.globalcompact15.org/report/findings-level-1/6transparency-is-becoming-the-new-norm](http://www.globalcompact15.org/report/findings-level-1/6transparency-is-becoming-the-new-norm); Environmental Law Alliance Worldwide (Desanm 2014).

<sup>12</sup>*Gade* ELAW Review, paj 15-16 (Desanm 2014), (nan achiv otè yo).

<sup>13</sup>*Gade pa egzanp*, Safe Drinking Water Foundation, *Mining and Water Pollution*, (san dat), *disponib sou sit wèb*, [www.safewater.org/PDFS/resourcesknowthefacts/Mining+and+Water+Pollution.pdf](http://www.safewater.org/PDFS/resourcesknowthefacts/Mining+and+Water+Pollution.pdf).

<sup>14</sup> Atik 36-2 Konstitisyon 1987 lan pwoteje dwa remèd jidisyèl la. Li di, apa refòm agrè, “pesonn pa ka pèdi dwa propriyete li sofsi genyen yon jijman tribinal ki mande sa.”